

**SESAMBUNGANE LEGENDHA DESA WOTANMAS JEDONG LAN CANDHI JEDONG ING
KECAMATAN NGORO KABUPATEN MOJOKERTO
(Tintingan Folklor)**

DENI WINDYARSIH
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Legendha Desa Wotanmas Jedong minangka sawijining wujud folklor lisan kang nduweni sesambungan karo Candhi Jedong, manut legendhane Desa Wotanmas Jedong ora dumadakan dijenengi kaya mangkono, nanging nduweni sejarah sing dawa. Masyarakat Desa Wotanmas Jedong percaya yen desa kuwi umure wis luwih saka 1000 tahun. Ana ing cathetan sejarah uga nyebutake yen desa kuwi wis ana wiwit jaman Mataram kuna adhedhasar prasasti lan katrangan ing Kitab Negarakertagama kanthi jeneng desa Wwatan sing kalebu Desa Perdikan.

Underane panliten iki yaiku:1) Kepriye critane Legendha Desa Wotanmas Jedong lan sesambungan karo Candhi Jedong?; 2) Nilai Budaya apa kang kinandhut ing Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduweni sesambungan karo Candhi Jedong ?; 3) Kepriye pigunane Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduweni sesambungan karo Candhi Jedong?; 4) Kepriye pamawase masyarakat tumrap Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduweni sesambungan karo Candhi Jedong?. Dene tujuwan panliten yaiku:1) Njlentrehake kepriye critane Legendha Desa Wotanmas Jedong lan sesambungan karo Candhi Jedong; 2) Ngandharake nilai budaya kang kinandhut ing Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduweni sesambungan karo Candhi Jedong; 3) Ngandharake kepriye pigunane Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduweni sesambungan karo Candhi Jedong; 4) Ngandharake kepriye pamawase masyarakat tumrap Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduweni sesambungan karo Candhi Jedong.

Paedahe panliten yaiku: 1) Nambah kawruhe panliti ngenani legendhane sawijining panggonan sing ana gayutane karo sawijining candhi; 2)Pamarintah dhaerah ing babagan nglestarekake kabudayan dhaerah tumrap situs-situs peninggalan sejarah mligine situs candhi; 3) Nambah akehe kumpulaning crita legendha sing ana gayutane karo candhi-candhi; 4)Menehi kawruh marang bebrayan yen ing Desa Wotanmas Jedong ana objek wisata budaya yaiku candhi Jedong.

Kanggo ngonceki perkara kang dadi punjering panliten, digunakake pamawase Hutomo (1991:64) ngenani legendha, pamawase Alan Dundes(sajrone Sudikan,2001:109)ngenani piguna lan kango nemtokake nilai-nilai budaya sajrone crita nggunakake pamawase Djamaris (1993:2). Dene babagan kalungguhan nggunakake pamawase Endraswara (2008:126).

Metodhe kang digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake metodhe panliten deskriptif kualitatif. Pangumpulan dhata panliten ditindakake kanthi cara observasi, wawanrembug, nyathet, ngrekam, dhokumentasi lan transkripsi. Analisis data ditindakake kanthi cara ngrekonstruksi asile wawanrembug ngenani crita sesambungan Legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong uga disertakake dhata saka sejarah kang bisa nyengkuyung asiling panliten banjur menehi interpretasi ing saben wujud dhata kasebut.

Asile panliten iki yaiku ana sesambungan antarane legendha desa lan candhine. Saliyane uga gegambaran bebrayan Desa Wotanmas Jedong nduweni gegayutan karo crita kasebut ing babagan pendhuduk, pendhidhikan, pakaryan lan agamane. Nilai budaya kang kinandhut yaiku nilai budaya kang ana gegayutane manungsa marang alam donya, nilai budaya kang ana gegayutane manungsa marang manungsa minangka makhluk sosial, lan nilai budaya kang ana gegayutane manungsa marang awake dhewe.

Babagan pigunane legendha candhi Jedong yaiku kango sarana panggulawentah para mudha, aweh sangsi sosial supaya pawongan bisa tumindak becik, lan ningkatake *solidaritas* sawijining klompok. Pungkasane yaiku ngenani pamawase masyarakat tumrap Legendha Desa Wotanmas Jedong kang ana gayutane karo Candhi Jedong yaiku anane masyarakat sing nganggep lan percaya anane crita kasebut watara 43,33%, masyarakat kang nganggep nanging ora percaya anane crita kasebut watara 33,33% lan masyarakat kang ora preduli anane crita kasebut watara 23,33 %.

PURWAKA

Sakabehe masyarakat mesthi nduwensi kabudayan, amarga anane masyarakat minangka panyengkuyung uga pangripta kabudayan. Kabudayan asale saka basa sansekerta yaiku buddhaya, saka tembung budhi kang ngemu teges pikiran utawa budi. Mula bisa ditegesi yen kabudayan yaiku sakabehe asil karya, rasa lan cipta masyarakat (Koentjaraningrat, 1984:15).

Salaras karo pamawase Koentjaraningrat, miturut (Depdikbud, 1983:2) karya masyarakat ngasilake teknologi lan kabudayan sing asipat *kebendaan*. Dene rasa sing ana ing jiwane manungsa ngasilake anane norma-norma lan nilai-nilai masyarakat sing dibutuhake kanggo ngatur prakara sajrone masyarakat. Sabanjure yaiku cipta sing dadi kakuwatan mental lan uga kakuwatan pikirane manungsa sing bisa ngasilake filsafat lan *ilmu pengetahuan*.

Miturut corake kabudayan diperang dadi telu yaiku: (a) kabudayan suku bangsa, (b) kabudayan *umum lokal*, lan (c) kabudayan nasional. Kabudayan suku bangsa yaiku sakumpulaning manungsa kang kaiket kesadharan lan dadi titikan *pengenal sawijining* budaya kang ana ing sawijining dhaerah utawa suku bangsa tartamtu. Kabudayan nasional minangka pucuking kabudayan dhaerah kang nduwensi titikan sing mligi lan *mutu* kang adiluhung. Dene kabudayan lokal minangka wujud saka *kegiatan-kegiatan panguripane* para warga saka bageyan sawijining masyarakat utawa luwih. Salah sawijining wujud kabudayan lokal yaiku ngenani crita rakyat kang awujud legendha minangka jinise folklor. (Sudikan, 2001:4-5)

Salah sawijining wujud folklor kang wigati dirembuk yaiku folklor lisan kang arupa legendha. Legendha yaiku crita kang dianggep sawijining kedadeyan kang bener-bener kedaden nanging ora dianggep suci, legendha nduwensi sipat *sekuler* (kadonyan), ora diweruhi pangriptane tegese nduwensi sipat *anom*. Gunggunge legendha ing saben-saben kabudayan luwih akeh tinimbang mitos utawa dongeng. Legendha duwe tipe dasar kang ora ana watese, mligine legendha panggonan (Dananjaja, 1984:67)

Salah sawijining crita kang wigati yaiku ngenani Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong. Sing narik kawigatene panliti yaiku ana tetembungan kang padha antarane jeneng desa lan jeneng candhine yaiku tembung Jedong. Candhi Jedong minangka salah sawijining tinggalane jaman Mataram kuna sing isih ana wujude nganti saiki. Panliti uga kepengin tetep bisa nguri-uri kabudayan dhaerah arupa legendha kang ana ing panggon klairane panliti yaiku ing Kutha Mojokerto.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula panliti kepengin ngrembug babagan sesambungan Legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong kanthi tintingan folklor. Kaluwihan saka panliten iki yaiku bisa ngonceki kanthi luwih cetha ngenani sawijining crita legendha sing nduwensi sesambungan karo sawijining candhi.

Gegayutan karo andharan mau underaning panliten iki yaiku: (1) Kepriye critane Legendha Desa Wotanmas

Jedong lan sesambungan karo Candhi Jedong?, (2) Nilai budaya apa kang kinandhut ing Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong ?, (3) Kepriye pigunane Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong ?, (4) Kepriye pamawase masyarakat tumrap Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong?

Adhedhasar underaning panliten kasebut kadudut ancasing panliten yaiku: (1) Njlentrehake kepriye critane Legendha Desa Wotanmas Jedong lan sesambungan karo Candhi Jedong, (2) Ngandharake nilai budaya kang kinandhut ing Legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong, (3) Ngandharake kepriye pigunane Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong lan kang pungkasan (4) Ngandharake kepriye pamawase masyarakat tumrap Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduwensi sesambungan karo Candhi Jedong.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah, dene paedahe yaiku: (1) Nambah kawruhe panliti ngenani legendhane sawijining panggonan sing ana gayutane karo sawijining candhi, (2) Pamarintah dhaerah ing babagan nglestarekake kabudayan dhaerah tumrap situs-situs peninggalan sejarah mligine situs candhi, (3) Nambah akehe kumpulaning crita legendha sing ana gayutane karo candhi-candhi, (4) Menehi kawruh marang bebrayan yen ing Desa Wotanmas Jedong ana objek wisata budaya yaiku candhi Jedong, (5) Sumbangan referensi kabudayan Jawa tumrap piwulangan basa Jawa ing sekolah.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep Folklor

Adhedhasar *etimologis* (saka dumadine tembung) tembung folklor asline saka basa bangsa kulonan yaiku *folklore*, kang dumadi saka tembung loro yaiku *folk* lan *lore*. Tembung *folk* nduwensi teges saperangan manungsa kang nduwensi pratandha fisik, sosial lan kabudayan, mula bisa dibedakake saka perangan siji lan sijine. Semono uga tembung *lore* nduwensi teges tradhisine *folk*, yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi sarana lisan. Saka katrangan mau bisa kadudut yen *folklor* nduwensi teges saperangan kabudayan *kolektif* kang sumebar lan diwarisake turun-temurun kanthi tradhisional ing versi kang beda, antaraning maneka *kolektif* sing wujude bisa arupa tulisan utawa patuladhan kang kairing *gerak isyarat* utawa piranti kango pangeling-eling (Danandjaja, 1986:1-2).

Miturut Brunvand (sajrone Dananjaja, 1986:21) ngandharake miturut wujude, folklor kaperang dadi telung klompok. Kang sepisan, (1) folklor lisan (*verbal folklore*) yaiku folklor kang awujud lisan, kayata: basa rakyat kayata julukan, pangkat lan title; pitutur-pitutur tradhisional kayata: pepatah lan paribasan; pitakonan kang asipat tradhisional kayata: cangkriman lan bedhekan ;geguritan utawa puisi rakyat, kayata : parikan, gurindam lan syair; crita prosa rakyat kayata: legendha, mite, dongeng. Dene kang kapindho, (2) folklor saperangan lisan (*partly verbal folklore*) yaiku folklor kang wujude

campuran saka lisan lan dudu lisan, kayata dolanan rakyat, drama rakyat, tarian rakyat, pesta rakyat lan sapanunggalane. Kang pungkasan, (3) folklor dudu lisan (*non verbal folklore*) yaiku folklor sing wujude dudu lisan, senajan cara panggawene diwulangake kanthi cara lisan. Jinis folklor dudu lisan iki ana rong jinis yaiku sing kalebu aspek material lan sing kalebu aspek dudu material. Tuladhane folklor dudu lisan sing material yaiku arsitektur rakyat, kerajinan tangan rakyat, masakan utawa panganan rakyat, obat-obat tradisional lan omben-omben tradisional, dene tuladhane sing aspek dudu material yaiku musik rakyat, gerak isyarat tradisional lan sapiturute.

Folklor kang ngrembaka lan diwarisake kanthi cara turun temurun sajrone masyarakat nduweni titikan tartamu. Titikane folklor kaperang dadi sanga, yaiku: (1) disebarake lan diwarisake kanthi cara lisan, (2) folklor asipat tradisional, (3) folklor ana versi-versi utawa varian-varian kang beda, (4) folklor asipat anonim ateges ora cetha sapa sing ngripta folklor iku mau, (5) folklor nduweni wujud *berpola* kang biyasane ing wiwitan crita diwiwiti tembung "dhek jaman semono" lsp, (6) folklor nduweni piguna kanggo ndhidhik, hiburan lan *protes social* sajroning bebrayan kang kolektif, (7) folklor asipat pralogis, ateges folklor iku nduweni logika dhewe kang ora padha karo logika liyane, (8) folklor dhuweke wong akeh saka *kolektif* masyarakat tartamu, (9) folklor iku sipate polos lan lugu, mula kerep ketara kasar utawa kalem uga alus (Danandjaja, 1986:3-4).

Gegayutane Folklor karo Masyarakat

Masyarakat lan folklor nduweni sesambungan kang raket, kekarone padha-padha njangkepi. Folklor minangka wujud kabudayan kang asale saka asil tumindake masyarakat. Suwaliike anane folklor mau bisa menehi piguna kanggo masyarakat yaiku kanggo nguwak kanyatan sing salaras karo alam pikirane masyarakat. Saliyane uga kanggo piranti ngontrol tumindake manungsa, sarana ndhidhik anak, lan kanggo pambiji tindak-tanduke masyarakat.

Gegayutane Folklor karo Sejarah Desa

Saben desa utawa panggonan tartamu mesthine nduweni sejarah kang digunakake minangka *proyeksi* saka sawijining titikan tartamu ing sawijining panggonan. Sejarah sawijining desa utawa panggonan kerep diwedharake ing wujud dongeng-dongeng sing diwarisake kanthi cara turun-temurun lumantar saka lisan, saengga angel anggone nggambareke faktane lan uga akeh tuladhane yen dongeng utawa legendha kasebut digayutake klawan mitos sawijining panggonan tartamu sing dianggep kramat lan nduweni kakuwatan mistik tartamu.

Konsep Legendha

Hutomo (1991:64) ngandharake kang jarwane, legendha yaiku crita-crita kang dianggep masyarakat minangka crita kang ngandhut kedadeyan-kedadeyan sejarah. Mula, kadhang kala diarani sejarah rakyat. Legendha nduwe sipat kadonyan (*Sekuler*). Legendha nduweni sipat *migratory* yaiku bisa pindah-pindah, saengga dikenal ing sanjabane tlatah ana ngendi legendha kasebut tuwuhan. Titikane legendha yaiku ora ana

pangriptane (asipat *anonym*), lan nduwe piguna tartamu ing masyarakat kang durung ngenal aksara.

Miturut Brunvand (sajrone Dananjaja, 1986:67-75), legendha diperang dadi patang klompok, yaiku: (1) legendha *keagamaan* (*religious legends*) yaiku legendha ngenami wong-wong suci, (2) legendha alam ghaib (*supranatural legends*) yaiku legendha kang isine dianggep bener-bener dumadi lan tau dirasakake dening sawijining pawongan. Pigunane legendha jinis iki kanggo *meneguhkan kebenaran "takhayul"* utawa kapercayane rakyat, (3) legendha *perseorangan* (*personal legends*) yaiku crita ngenani tokoh-tokoh tartamu sing dianggep dening empunya crita bener-bener tau kedadeyan, (4) legendha *setempat* (*local legends*), sing kalebu ing golongan legendha iki yaiku crita sing ana gayutane karo sawijining panggonan, jenenge panggonan lan wujud *topografi*, yaiku wujud *permukaan* sawijining panggonan.

Konsep Nilai Budaya

Nilai budaya yaiku konsepsi sing urip sajrone pikirane saperangan masyarakat ngenani samubarang sing dianggep wigati ing panguripan. Nilai budaya nduweni piguna minangka pedoman sing paling dhuwur tumrap tumindake manungsa (Kontjaraningrat, 1987:25).

Sistem nilai kabudayan miturut Djamaris (1993:2) bisa digolongake dadi limang kategori yaiku: (1) Nilai budaya gegayutane manungsa marang Allah SWT, yaiku gegayutan dhasar hakecate manungsa ing donya iki, (2) Nilai budaya gegayutane manungsa marang donya minangka kesatuan kauripan ing ngendi dheweke ana. Amarga lingkungan uga mbentuk, marnai utawa dadi objek tuwuhe ide-ide lan pola pikire manungsa, mula saka kuwi nila budaya sing onja yaiku nilai kesatuan lan pemanfaatan daya donya, (3) Nilai budaya kang ana gegayutane manungsa marang manungsa liyane minangka makhluk social sing nyakup keramahane lan kesopanane, kasetyan, kejujuran lan kawicaksanan sing diduweni manungsa marang manungsa liyane, (4) Nilai budaya gegayutane manungsa marang masyarakat yaiku nilai-nilai sing ana gegayutane marang kepentingane anggota masyarakat indhividu. Amarga nilai budaya sing ketara ana gayutane manungsa marang masyarakat yaiku nilai budaya musyawarah, gotong royong, tresna marang Negara lan kepatuhane marang adat lan keadilan, (5) Nilai budaya gegayutane manungsa marang awake dhewe, ana gegayutane marang indhividu anggone ngadhepi *konflik-konflik* sing kedadeyan saka awake dhewe.

Konsep Piguna

Salah sawijining titikane folklor yaiku nduweni piguna ing panguripane masyarakat kanggo negesake idhentitas utawa ciri supaya *integritas sosial* bisa ngrembaka. Folklor aweh daya pangaribawa luwih kuat tinimbang sastra modern amarga folklor bisa mbangun tata nilai kang wujude saka tumindak. Folklor kalebu salah sawijining sastra lisan.

Dundes (sajrone Sudikan, 2001:109) merang fungsi folklor kang asipat umum yaiku (1) kanggo sarana panggulawentah para mudha, (2) ningkatake *solidaritas* sawijining klompok, (3) aweh sangsi sosial supaya pawongan bisa tumindak becik lan aweh ukuman tumrap

wong sing ala, (4) minangka sarana kritik social, (5) aweh sawijining *pelarian* sing nyenengake saka kanyatan, (6) ngowahi pakaryan sing malehake dadi sawijining dolanan sing nyenengake. Dadi paedah folklor nduweni pangaribawa kang gedhe banget ing pangrembakane bebrayan sajroning tumindak ing lingkungane.

Konsep Interpretasi

Endraswara (2009:154-155) ngandharake interpretasi minangka jembatan utawa proses kanggo nemtokake makna folklor. Interpretasi kudu ditindakake kanthi cara ngati-ati lan wutuh saengga panliti folklor bisa nemtokake sejatine makna saka folklor kasebut. Panliti folklor diarani interpreter, dheweke kudu ngrekonstruksi makna lan ora tumindak *pasif*. Kunci pokok interpretasi yaiku "mangerten" lan dudu "ngandharake". Anggone mangerten folklor bisa dideleng lumantar simbol-simbol sing katon lan ora katon.

Konsep Resepsi

Miturut Endraswara (2008:126) prosese panliten resepsi sastra kanthi cara *sinkronis* utawa panliten kanthi cara *eksperimental*, paling sithik kudu nindakake rong trap-trapan yaiku: (1) Saben pamaca klompok utawa indhividhu sing wis ditemtokake banjur diwenehi pitakonan lisan utawa tulisan. Jawaban saka pamaca kasebut banjur dianalisis miturut wujud pitakonane. Yen nggunakake angket, dhata panliten sing arupa tulisan bisa *ditabulasi*. Dene dhata panliten yen nggunakake metodhe wawanrembug bisa dianalisis kanthi cara *kualitatif*, (2) Sawise menehi pitakonan marang pamaca, banjur pamaca kasebut dikongkon nginterpretasekake karya sastra sing wis diwaca. Aslie interpretasi pamaca kuwi banjur dianalisis nggunakake metodhe *kualitatif*.

Lelandhesane Teori

Landhesan teori kang digunakake kanggo ningtingi objek panliten iki salaras karo bahan kajian ing ndhuwur. Legendha Desa Wotanmas Jedong lan sesambungane karo Candhi Jedong iki dioncek nggunakake teori-teori kang cundhuk karo underane panliten yaiku: nggunakake pamawase Hutomo (1991:64) ngenani legendha, pamawase Djamaris (1993:2) kanggo ngonceki nilai budaya karo kinandhut sajrone crita, lan teori piguna saka pamawase Dundes (sajrone Sudikan,2001:109) banjur sing pungkasan nggunakake pamawase Endraswara (2008:126) kanggo ngonceki kepriye pamawase masyarakat tumrap crita legendha kasebut.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten ngenani sesambungane Legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong ing Kecamatan Ngoro Kabupaten Mojokerto iki nggunakake jinis panliten *kualitatif* yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo mangerten apa wae kedadeyan-kedadeyan kang nduweni gegayutan ing sajrone bebrayan. Dene metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif yaiku metodhe kang anggone ngumpulake dhata saka gambar, tembung-tembung, lan ing kene ora awujud angka. Dhata saka panliten iki asale saka

wawanrembug, catetan,foto, vidheo, dhokumen pribadhi, cathetan memo lan dhokumen resmi liyane (Moleong, 2002:6).

Objek lan Papan Panliten

Panliten iki nggunakake objek panliten kang awujud legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduweni sesambungan karo Candhi Jedong. Dene panliten iki dianakake ing Desa Wotanmas Jedong Kecamatan Ngoro Kabupaten Mojokerto.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku sumber kang bisa menehi informasi utawa kawruh marang panliti. Sing dadi sumber dhata ing panliten iki yaiku para informan. Informan kang dikarepake ing kene yaiku kaperang dadi loro, yaiku informan kunci lan informan biyasa.

Dhata Panliten

Panliten iki nggunakake dhata kang awujud dhata lisan sing arupa tembung, ukara, lan crita saka asil wawanrembug. Dene wujude yaiku awujud sejarah, nilai budaya, piguna, lan pamawase masyarakat ngenani Legendha Desa Wotanmas Jedong sing ana gayutane karo Candhi Jedong. Saliyane dhata kang awujud lisan, panliten iki uga nggunakake dhata kang arupa tulisan sejarah ngenani candhi jedong lan Desa Wotanmas Jedong sing bisa nyengkuyung asiling panliten. Folklor lisan.

Instrumen Panliten

Instumen yaiku piranti utawa *fasilitas* kang digunakake panliti nalika ngumpulake dhata supaya panliten kang dilaksanakake luwih gampang lan asil dhatane luwih jangkep saengga gampang diolah lan dianalisis. Piranti kang dibutuhake yaiku : (1) *kamera digital* kanggo njupuk gambar ing metodhe observasi, (2) *handphone* kanggo ngrekam dhata nalika wawanrembug, (3) angket utawa kuesioner kang arupa pitakonan tulis, (4) *field notes* lan pulpen kanggo nyathet babagan kang wigati nalika nganakake panliten ing lapangan. Panliti uga kalebu piranti panliten. Panliti kang wiwit nyiapake piranti, nganakake panliten, nganalisis dhata nganti ngumpulake analisis kanthi wujud skripsi.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku cara kang digunakake kanggo ngasilake lan nglumpukake dhata. Panliten iki nggunakake tata cara nglumpukake dhata kayata:

Observasi

Observasi dadi langkah kang wiwit ing panliten iki yaiku ngumpulake kanthi cara nggoleki panggonan-panggonan kang bisa didadekake sumber panliten iki. Wawanrembug

Miturut Sudikan (2001:90) merang wawarembug dari rong bageyan miturut wujud pitakonane yaiku: (1) Wawanrembug tinutup, yen wangulan mung winates sing dikarepake panliti saka informan, (2) wawanrembug tinarbuka, yen wangulan sing dikarepake ora winates, kabeh apa sing diweruhi informan. Panliten iki nggunakake wawanrembug tinarbuka.

Nyathet

Nalika nyathet, panliti adhedhasar saka andharan kang ana ing Hutomo (1991:78-79) yaiku gegayutan karo

rekaman, informan lan bahan. Kang dicathet panliti ana gegayutane karo rekaman kayata : (1) tanggal rekaman, (2) papan nalika rekaman, (3) rekaman asli utawa rekaman kang ora asli. Dene kang gegayutan karo informan kayata: (1) jeneng informan, (2) umur informan, (3) jenis kelamin informan, (4) pakaryan utawa pendhidhikan informan, (5) basa kang digunakake informan. Banjur yen ngenani bahan, kang perlu dicathet yaiku genre, istilah-istilah kang digunakake ing masyarakat lan alasan nggawe istilah-istilah kasebut.

Ngrekam

Miturut Hutomo (sajrone Sudikan, 2001:174) tata cara ngrekam diperang dadi loro yaiku kang sepisan ngrekam ing konteks asli (*natural*), ngrekam kang apa anane lan tanpa digawe-gawe dening panliti. Kapindo, ngrekam kang dilaksanake kanthi sengaja dianakake. Dene tata cara ngrekam sing dilaksanake dening panliti ing babagan panliten iki nggunakake jinis tata cara ngrekam kang kapisan yaiku tata cara ngrekam sing dilaksanakake kanthi asline (*natural*) ora digawe-gawe, banjur saka katrangan-katrangan para informan kuwi asile direkonstruksi supaya dadi crita wutuh sing dianggep luwih jangkep lan trep.

Dhokumentasi

Dhokumentasi sajrone panliten iki dianakake kanggo njupuk gambaran umum ngenani lokasi, dhokumen utawa dhata-dhata sing wis diklumpukake saka instansi sing saemper kanggo tema panliten iki. Dhata arupa foto sing ana gayutane karo fokus panliten uga ditampilake kanggo dhata palengkap lan panjelas gambar objek panliten supaya asiling panliten ora diragokake.

Transkripsi

Miturut Endraswara (2009,227) merang trap-trapan kanggo transkripsi yaiku ana loro: (1) transkripsi kanthi cara kasar yaiku apa sing wis dirungokake utawa catehetan sing ana lapangan diwedharake kanthi apa anane. Panliti ora usah gopoh menehi *tanda baca* lan nemtokake aksara gedhe lan cilike, sing penting panliti jurur lan bisa dipercaya, ora *manipulasi* dhata manut karepe dhewe (2) Transkripsi sampurna yaiku dicocokake karo asile rekaman, yen ana sing kurang jelas, dibolan baleni nganti jelas unine lan ngandhut sawijining makna. Dene yen ana sing kurang luwih becik ditakokake maneh marang informan. Pnliten iki nindakake kaloro transkripsi kasebut.

Tata Cara Nganalisis Dhata

Analisis dhata ing panliten iki ditindakake kanthi trap-trapan kaya mangkene: (1) Nglumpukake dhata asiling observasi kang ana gegayutan karo objek panliten arupa dhokumentasi awujud foto. Saliyane uga panliti nyathet kahanan desa kang ana sesambungan karo panliten iki, (2) Panliti nindakake wawanrembug marang informan kang wis ditemtokake adhedhasar konsep kang wis tumata. Saka asile wawanrembug banjur dhata ditranskripsi. Panliti uga nyebar angket kang katujokake marang masyarakat Desa Wotanmas Jedong, (3) Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake banjur dhata diperang-perang manut bab sing dtlti, (4) Ngandharake dhata kanthi luwih cetha adhedhasar dhata kang diklumpukake kanthi cara nafsirake utawa interpretasi nggunakake konsep kang wis ditemtokake, (5) Saka

dhata kang wis diandharake kasebut banjur didudut babagan reringkesaning asil saka panliten kang gegayutan karo konsep kang wis tumata.

Tata Cara Nulis Asiling Panliten

Panliten iki ngolah dhata kang arupa asile wawanrembug lan dhata tinulis saka pusat purbakala Mojokerto ngenani Legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong. Tata cara nulis asile panliten iki nuduhake upaya kanggo nyuguake asile analisis dhata kang awujud laporan uga crita-crita kang diasilake sajrone panliten iki. Tata cara nulis asile panliten ing kene yaiku kanthi cara informal lan formal. Panliten iki nggunakakake tata cara nulis asile panliten kanthi cara informal amarga arupa tembung-tembung kang lumrah digunakake ing basa saben dina amarga dhatane saka asile wawanrembug marang para informan.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Data Etnografi Desa Wotanmas Jedong

Wilayah lan Kahanan Desa Wotanmas Jedong

Desa Wotanmas Jedong ana ing Kecamatan Ngoro Kabupaten Mojokerto. Saka kutha Mojokerto watara 30 kilometer mangetan, lan watara 2 km saka perenge Gunung Penanggungan ing sisih lor. Desa kuwi ana ing sisih kidule Kawasan Ngoro Industri (*Ngoro Industri Persada*). Ambane desa iki 982,4 Ha lan kasusun saka 4 Dusun (Jedong Kulon, Jedong Wetan, Watusari lan Genting) kanthi 46 RT lan 4 RW. Sadawane dalan ing Desa Wotanmas Jedong tumuju Candhi Jedong akeh tuwuh tetaneman kayata wit pelem, rambutan lsp. Hawane Desa Wotanmas Jedong iki kagolong isih seger lan bebas saka polusi senajan cedhak karo Kawasan Ngoro Industri.

Pendhudhuk

Miturut data kependhudhukan, cacahing pendhudhuk ana 5129 jiwa kanthi *rincian* wong Lanang ana 2457 jiwa lan wong wadon 2672 jiwa.

Pangupajiwa

Desa Wotanmas Jedong kuwi desa sing ana ing perenge Gunung Penanggungan, mula kang dadi punjiring perekonomian warga Desa Wotanmas Jedong yaiku dadi tani, saliyane uga dadi karyawan pabrik amarga cedhak karo kawasan Ngoro Industri.

Pendhidhikan

Pendhidhikan warga Desa Wotanmas Jedong kagolong apik senajan isih akeh masyarakat kang wuta aksara. Kahanan kaya mangkono jalaran desa kuwi ana ing perenge gunung, mula pemikiran masyarakat uga isih akeh sing ora gati marang pendhidhikan anake, sing penting anake bisa nyambut gawe lan bisa ngasilake dhuwit. Anake dikongkon menyang tegalan utawa nggarap sawah. Nanging pamrentah Desa Wotanmas Jedong wigati marang pendhidhikan warga desane, kabuki anane gedung sekolah TK ,SD lan MI.

Basa

Salaras karo adat Masyarakat jawa, basa sing digunakake pendhudhuk Desa Wotanmas Jedong yaiku basa ngoko kasar lan ngoko alus gumantung karo sapa sing dijak ngomong. Senajan ana turunan Madura, nanging amarga wis suwe ana ing Jawa dheweke bisa

ngunakake basa Jawa, senajan isih basa Jawa ngoko kadang kala uga isih ngunakake basa Madurane.

Wujud Bebrayan lan Kapercayan Masyarakat Desa Wotanmas Jedong

Urip sesrawungan ing bebrayan kang nuduhake kerukunan, *solidaritas* lan ketentreman ing warga bisa dideleng nalika ana pendhudhuk padha gotong royong ngadhegake omah. Nalika mbangun omah kudu ana rasa ikhlas anggone nulung amarga mbutuhake wektu sing lumayan suwe. Iku nuduhake yen antarane masyarakat siji lan sijine nduweni jiwa tulung tinulung sing gedhe lan ndadekake urip bebrayan sing rukun.

Masyarakat Desa Wotanmas Jedong akeh sing nganut Agama Islam, ing kene ana sing nganut Islam kejawen lan Islam tulen. Kabukti ing Desa kuwi ana masjid sing digunakake para warga kanggo ngibadah lan tokoh-tokoh agama kayata Ustad Sulaiman, Ustad Drs. Marzuki lan Ustad Mualimin. Senajan akeh sing nganut Agama Islam, nanging ing Desa Wotanmas Jedong uga isih ana sing nganut Agama Kristen senajan mung 1 %.

Sesambungan Gegambaran Bebrayan karo Legendha Desa Wotanmas Jedong

Gegambaran Desa Wotanmas Jedong, Kecamatan Ngoro Kabupaten Mojokerto sejatine nduweni pangaribawa tumrap kapercayane masyarakat kang wus katindakake kanthi cara turun temurun. Ana sawenehing bab kang ndadekake legendha kuwi tansah diuri-uri, nanging uga ana saperangan bab kang ndadekake legendha kuwi tansah kalindhih dening kabudayan manca. Mula saka kuwi, gegambaran Desa Wotanmas Jedong bisa digunakake kanggo nintingi sawenehing bab kang gegayutan karo Legendha Desa Wotanmas Jedong kang nduweni sesambungan karo Candhi Jedong yaiku ngenani pendhudhuk, pngupajiwa, pendhidhikan lan agama.

Mula Bukane Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong

Mula Bukane Desa Wotanmas Jedong

Saklebatan desa Wotanmas Jedong iki ora beda adoh kaya desa-desa liyane ing perenge gunung. Nanging ing catethan sejarah pranyata desa iki wis ana wiwit jaman Kerajaan Mataram Hindu nganti Majapahit adhedhasar prasasti kuno sing umure luwih saka 1000 tahun. Saliyané dhata saka prasasti-prasasti kuwi, disebutake uga ing kitab Negarakrtagama ing pupuh LXXVXI,

Candhi Jedong

Candhi Jedong minangka salah sawijining candhi kang ana ing tlatah Mojokerto sing dilestarekake dening Pusat Purbakala Mojokerto. Sing narik kawigaten saka candhi iki yaiku anane rong bangunan sing awujud gapura. Kaloro bangunan kuwi sing diarani Candhi Jedong. Miturut laporan ing taun 1907, ing Desa Wotanmas Jedong ana telung gapura, nanging saiki mung kari loro sing isih wutuh. Gapura sing kawangun saka bata ana ing sisih lor lan ngandhut angka tahun 1326 Masehi lan saiki mung ana *reruntuhane* wae. Dene rong gapura sing kawangun saka watu andesit isih madheg kaya sing saiki ana yaiku Candhi Jedong kuwi.

Sesambungan Antarane Legendha Desa Wotanmas Jedong karo Candhi Jedong

Crita Legendha Desa Wotanmas Jedong diwiwiti saka kaloro pangeran sing saduluran adhi lan kangmase yaiku Sungging Prabangkara lan Sungging Adiluwih sing padha-padha tressna marang Putri Kilisuci. Putri Kilisuci ngajokake syarat supaya kaloro Pangeran kasebut nggawekake candhi ing wektu sawengi. Tetandhingan kasebut dimenangake dening Sungging Prabangkara amarga Sungging Adiluwih ngrasa sompong lan ngremehake liyan. Adhedhasar crita kasebut banjurjeneng desa kuwi wiwitane diarani Desa Wotonmas Jedong sing tegese Wadonmas (*Perempuan emas*)

“Jenenge desa iki biyene Wotonmas Jedong Mbak, Iha wong dhata kepegawaianku nang Pusat Purbakala Mojokerto nyebut nek alamatku Desa Wotonmas Jedong. Tapi aku ya ora ngerti kaet kapan-kapanne jenenge desa iki dadi Wotonmas Jedong iki”.(Yatno, 13 Maret 2013).

Masyarakat Desa Wotonmas Jedong uga ana sing ngarani yen tembung Wotonmas tegese yaiku jembatan emas utawa wohe emas(*buahnya emas*)

“diarani Wotonmas Jedong ana critane yaiku amarga dalanan sing tumuju Candhi Jedong kuwi lurus ora mengak-menggok, banjur diarani Wotonmas/ Jembatan emas. Sadawane dalan tumuju Candhi Jedong dipercaya dening masyarakat Jedong minangka dalanane para lelembut sing njaga Desa Wotonmas Jedong”. (Yatno, 13 Maret 2013)

“ana sing ngarani tembung Wotonmas kuwi tegese wohe emas (buahnya emas), diarani kaya mangkono amarga ana sing percaya yen biyene ing gapura Jedong I kuwi ana lawange sing kawangun saka emas, nanging saiki wis ilang. Pamawas kasebut adhedhasar amarga ing lawang gapura Jedong I ana bekase kaya lawang. Saliyané lawang emas uga ana barang-barang ghaib sing uga saka emas kayata sing arupa bokor lan piring.” (Mbah Sumaji, 15 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen ana pamawas sing seja ngenami tegese tembung Wotonmas kaya kang diandharake dening Pak Yatno lan Mbah Sumaji. Senajan seja-seja nanging kabeh dianggep bener. Legendha Desa Wotonmas Jedong nduweni sesambungan karo Candhi Jedong. Informan sing ngandharake katrangan kuwi yaiku Sudiman. Kaya kang ana ing pethikan ngisor iki:

“Adhedhasar crita kasebut mula jenenge Candhi Jedong iku diarani Candhi Lanang (Jedong I) lan Candhi Wadon (Jedong II). Kahanan sing kaya mangkono saka bentuke candhi sing seja, Candhi Lanang amarga bentuke lincip lan dawa, dene Candhi Wadon bentuke ora lincip. Candhi Wadon dianggep candhi sing digawe Sungging Adiluwih yaiku candhi sing durung dadi kaya Candhi Lanang sing digawe Sungging Prabangkara”.(Sudiman, 18 Maret 2013)

Owah gingsire jaman ndadekake owahe jeneng desa kasebut, nanging owah-owahan kuwi ora adoh saka sejarah wiwitane, manut kapercayane masyarakat ing jaman saiki jeneng Desa Wotanmas Jedong dijupuk saka jeneng wiwitane desane yaiku Wwatan sing uga digayutake karo legendha Candhi Jedong, banjur tembung Jedong dijupuk saka anane Candhi Jedong ing Desa kasebut. Mula jeneng Wotanmas Jedong minangka gabungan saka jenenge desa lan candhi.

Nilai Budaya kang Kinandhut ing Legendha Desa Wotanmas Jedong

Nilai Budaya kang ana Gegayutane Manungsa marang Alam donya

Waspada Marang Bebaya kang Bakal Dumadi

Wujud waspada marang bebaya kang bakal dumadi bisa arupa ngati-ati nalika tmindak lan bisa arupa nglakoni apa sing bisa dadi adat *kebiasaan* kang ana ing masyarakat. Bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

“ing Candhi Jedong iki kuwat banget mbak mistise,,akeh para lelembut lan danyang sing njaga candhi lan desa iki, mula saben sasi ruwah kudu dianakake pagelaran wayang. Dhek jamane pak Lurah Karbun biyen, ora dianakake pagelaran wayang, nanging orkesan lan ludrungan supaya warga ora bosen, nanging banjur Pak Lurah Karbun pikantuk wisik saka barang ghaib njaluk supaya dianakake wayang, yen ora dituruti bakal ana bencana gedhe sing dumadi ing Desa Wotanmas Jedong iki. meruhi kahanan kaya mangkono, Pak Lurah Karbun banjur nanggap wayang dhewe nggunakake dhuwite dhewe, dudu dhuwite desa mbak”. (Yatno, 13 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen sikape Pak Lurah Karbun keweden yen bakal ana bebaya sing dumadi marang wargane, mula dheweke rila ngetokake dhuwite dhewe kanggo nanggap wayang supaya ora ana bencana sing dumadi. Sikap kasebut nuduhake yen Pak Lurah Karbun waspada marang bebaya lan minangka tanggung jawabe dheweke minangka Lurah sing dadi pimpinan ing desa kuwi.

Nilai budaya kang ana Gegayutane Manungsa minangka Makhluk Sosial

Jejodhohan

Ana ing crita legendha Candhi Jedong iki ngandhut nilai jejodhohan sing bisa dadi patuladhan para mudha sing kepengin nggolek jodho. Kaya apa kang wis ditindakake Putri Kilisuci, bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

“Putri Kilisuci ora gelem yen dirabi wong loro. Kaloro pangeran iku yaiku Sungging Prabangkara lan Sungging Adiluwih. Putri Kilisuci ngajokake syarat marang kekarone yen kepengin dadi bojone. Syarat iku yaiku dikongkon mbangun candhi ing wektu suwengi lan sing dhisikan rampung bakal dadi bojone”. (Yudi Hartono, 18 Maret 2013)

Pethikan kasebut nuduhake yen Putri Kilisuci ora gampang anggone nemtokake jodho sing bakal dadi garwane, sajrone crita kasebut ngandhut pitutur supaya tansah ngati-ati yen arepe jejodhohan, amarga garwa kuwi ora mung ngancani kita ing wektu setahun rong tahun, nanging ing salawase urip, mula aja nganti salah pilih jodho.

Ora ngremahake liyan

Saliyane nilai budaya saka tumindak kang apik uga ana saka tumindak kang ala sajrone crita kasebut. Ing crita legendha Desa Wotanmas Jedong digambarake sipate Sungging Adiluwih. Dheweke ngremehake kangmase dhewe lan ngrasa paling sekti. Kabukti ing pethikan ngisor iki:

“Wayahé mbangun candhi iku Sungging Adiluwih ngrasa luwih pinter lan luwih sekti, mangkane dheweke ngremehake Sungging Prabangkara sing ora liya yaiku mase dhewe”. (Mbah Suwari, 16 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut bisa didadekake patuladhan tumrap manungsa nalika urip ing bebrayan, mligine nalika urip paseduluran. Manungsa ora oleh ngremehake liyan, apa maneh kangmase dhewe.

Nilai Budaya kang ana Gegayutane Manungsa marang Awake Dhewe

Kerja keras

Miturut crita legendha Candhi Jedong, Sungging Prabangkara yaiku pangeran sing bisa didadekake patuladhan. Dheweke nduweni sipat tansah *kerja keras* kanggo nggayuh apa sing dikarepake. Sungging prabangkara tansah ngupaya kepriye dheweke bisa ngrampungake candhi ing wektu sawengi. Pungkasane dheweke bisa rampung luwih dhisik mbangun candhine tinimbang sungging Adiluwih. Kaya ing pethikan ngisor iki:

“Akhire Sungging Prabangkara sing luwih dhisik ngrampungake candhine amarga dheweke *kerja keras* lan temen anggone tumindak. Dheweke ora nyombongna kesaktiane lan *rendah diri*, mangkane dheweke bisa ngrampungake candhine”. (Yudi Hartono, 18 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen Sungging Prabangkara minangka pangeran sing nduweni sipat *pekerja keras* lan ora gampang nyerah marang kahanan. Upayane Sungging Prabangkara ora muspra, pranyata kanthi *kerja kerase*, dheweke bisa ngrampungake candhine.

Ora cidra ing janji

Manungsa urip ing donya iki ora bisa uwal saka sing jenenge janji, kabeh mesthi tau ngucapake janji marang sapa wae, kita kudu bisa nyekel apa sing kita ucapake utawa sing kita janjekake. Kayadene sing wis ditindakake dening Putri Kilisuci. Iki bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki:

“Akhire Sungging Prabangkara sing bisa ngrampungake candhine lan dheweke sing dadi garwane Putri Kilisuci”. (Mbah Sumaji, 15 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen janjine putri Kilisuci marang kaloro pangeran kasebut ora dicidrani. Dheweke bener-bener nepati janjine marang kaloro pangeran kasebut yaiku Putri Kilisuci dadi garwane Sungging Prabangkara sing menangake tetandhingan kuwi.

Bisa Nampa Kahanan kang Dumadi ing Awake Dhewe

Sing jenenge tetandhingan mesthi bakal ana sing kalah lan sing menang. Ora kabeh sing menang mesthi luwih kuwat, utawa luwih pinter, nanging kuncine ana ing niat sing tumemen. Kahanan kaya mangkono nuduhake yen wong sing nduwensi niat tumemen bakal nduwensi sipay *sportifitas* yaiku sipay bisa nampa kahanan apa wae sing dumadi marang awake dhewe. Semono uga kaya apa kang wis ditindakake dening Sungging Adiluwih, dheweke bisa nampa kahanan yen pranyata dheweke kalah saka kangmase sing kasektene ana ing sangisore. Bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

“Sungging Adiluwih sing kalah ing tandhingan iku ngakoni yen dheweke pancen salah lan pantes kalah. Dheweke nyadhar yen ora oleh sompong lan ngikhlasake yen mase krama karo Putri Kilisuci”. (Yatno, 13 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen saliyane nduwensi sipay ala sing sompong lan ngremehake liyan, nanging dheweke uga nduwensi sipay apik yen dheweke bisa nampa kahanan kang dumadi ing awake dhewe yaiku kalahe dheweke saka Sungging Prabangkara.

Pigunane Legendha Desa Wotanmas Jedong

Kanggo Sarana Panggulawentah Para Mudha

Sajrone crita legendha Candhi Jedong kinandhut nilai panggulawentah sing bisa ditindakake kanggone para mudha yaiku ngenani jejodhohan lan paseduluran Kabeh para mudha sing wis dewasa mesthine wis mikirake sing jenenge jodhoh, amarga pancen manungsa urip ditakdirake pasang-pasangan. Anggone milih jodhoh uga aja angger. Sing kaya mangkono kaya apa kang wis ditindakake dening Sungging Prabangkara anggone nggayuh tresnane marang Putri Kilisuci. Iki bisa kadeleng ing pethikan ngisor iki:

“Akhire ya Sungging Prabangkara sing luwih dhisik ngrampungake candhine amarga dheweke *kerja keras* lan tumemen supaya bisa antuk tresnane Putri Kilisuci”.

(Sudiman, 18 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa diweruhi yen Sungging Prabangkara bisa ngrampungake candhine kanthi dhasar tumemen lan *kerja keras* supaya bisa nggayuh tresnane Kilisuci. Kanggone wong lanang sing tumemen tresna, mesthine kudu gelem rekasa sadurunge urip bagya.

Sajrone crita legendha Candhi Jedong digambarake yen Sungging Adiluwih ngremehake kangmase amarga dheweke ngrasa luwih sekti sing pungkasane ndadekake kalahe awake. Bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

“Sungging Adiluwih ora bisa ngrampungake candhine amarga dheweke ngremehake wong liya sing ora liya mase dhewe lan ora tandang marang apa sing

lagi ditindakake, seje karo Sungging Prabangkara sing tumemen anggone nindakake samubarang lan *kerja keras* nggayuh kekarepan.” (Yudi Hartono, 18 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kuwi bisa dijupuk paedahe yen anggone seduluran aja nganti ngenyek lan ngremehake dulure dhewe, amarga mengko bisa ndadekake rugine awake dhewe. Sing jenenge saduluran mesthine kudu rukun lan tulung tinulung.

Ningkatake Solidaritas Sawijining Klompok

Masyarakat Desa Wotanmas Jedong percaya yen critane legendha Candhi Jedong kuwi nduwensi sesambungan karo jenenge Desa Wotanmas Jedong. Adhedhasar crita legendha kasebut mula saben sasi ruwah masyarakat Desa Wotanmas Jedong nganakake pagelaran wayang ing sanjerone kompleks Candhi Jedong kanggo ningkatake rasa paseduluran marang sapadhane. Iki bisa dideleng ing kutipan ngisor iki:

“Saben wulan ruwah ing njerone kompleks Candhi Jedong iki mesthi dianakake pagelaran wayang mbak, amarga masyarakat Desa Wotanmas Jedong iki percaya yen danyang sing nunggoni Desa iki manggon ana ing Candhi Jedong iki, amarga antarane jenenge Desa lan legendha Candhi Jedong nduwensi hubungan sing raket. Saliyane uga pagelaran wayang kuwi dianakake kanggo ningkatake paseduluran para warga.” (Yatno, 13 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen masyarakat Desa Wotanmas Jedong isih percaya yen legendha Candhi Jedong nduwensi sesambungan karo mula bukane Desa Wotanmas Jedong. Kapercayane masyarakat kuwi diwujudake kanthi nganakake pagelaran wayang saben sasi ruwah ing njerone kompleks Candhi Jedong kanthi tujuwan ningkatake paseduluran utawa *solidaritas* masyarakat Desa Wotanmas Jedong. Sajrone nganakake pagelaran wayang mesthine dibutuhake gotong royong antarane para warga, kebeh padha bagi tugas supaya pagelaran kuwi bisa kalaksanan kanthi lancar lan ora ana alangan.

Aweh Sangsi Sosial Supaya Pawongan Bisa Tumindak Becik

Sawijining crita legendha mesthine ngandhut isi crita sing apik lan sing ala, bageyan crita sing apik bisa didadekake patuladhan lan bageyan sing ala didadekake minangka pelajaran supaya kita ora tumindak kaya mangkono. Semono uga apa sing kinandhut sajrone legendha Candhi Jedong, ngandhut patuladhan-patuladhan supaya pawongan bisa tumindak becik lan ora tumindak ala. Kaya apa kang ditindakake dening Sungging Adiluwih sajrone Crita legendha Candhi Jedong. Bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

“Sungging Adiluwih yakin banget bakal bisa rampung luwih dhisik, tapine amarga dheweke sompong lan ngremehake liyan mula dheweke kalah lan durung tutug mbangun candhine, saengga dheweke ora bisa dadi garwane Putri Kilisuci”.

(Sudiman, 18 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut bisa dideleng yen pawongan sing nduweni sipayat ala bakal pikoleh akibate sing ala uga. Sungging Adiluwih sing ngrasa sompong lan ngremehake kangmase oleh akibate yaiku dheweke ora bisa ngrampungake candhine lan dheweke kalah saka tetandhingan kasebut, saengga dheweke ora bisa dadi garwane Putri Kilisuci. Mula saka kuwi kita tansah tumindak lan nduweni sipayat sing apik supaya bisa ndadekake akibat sing apik uga tumrap awake dhewe.

Pamawase Masyarakat Tumrap Legendha Desa Wotanmas Jedong

Masyarakat kang nganggep lan percaya anane sesambungane legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong yaiku masyarakat kang percaya yen antarane legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong nduweni sesambungan sing raket ana lan dipercaya yen bener-bener tau kedadeyan. Masyarakat uga nindakake nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone crita kasebut. Adhedhasar 30 angket kang wis disebarake 13 angket utawa watara 43,33% nyatakan yen percaya karo crita legendha kasebut. Wong kang kalebu ing angket iki rata-rata wonge sing wis tuwa tur pendhudhuk asli Desa Wotanmas Jedong. Kaya sing diaturake Bapak Yatno minangka Juru Pelihara candhi ing ngisor iki:

“anane tembung sing padha antarane jenenge Desa lan candhi iku sing ndadekake wong-wong padha percaya nek sakjaneana hubungan antarane kekarone mbak, yaiku tembung jedong iku. Apa maneh saben sasi ruwah mesthi dianakake pagelaran wayang ing njerone kompleks cadhi Jedong, amarga warga percaya nek sing njaga desa wotanmas Jedong iki manggon ing Candhi Jedong iki”. (Yatno, 13 Maret 2013)

Adhedhasar pethikan kasebut bisa dideleng yen masyarakat kang nganggep lan percaya amarga pancen ana tetembungan sing padha antarane jeneng desa lan jeneng candhi yaiku tembung Jedong

Masyarakat kang nganggep nanging ora percaya anane sesambungane legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong yaiku masyarakat kang wis nduweni kesadharan indhividhu lan masyarakat kang nduwe tingkat pamikiran luwih modern uga masyarakat kang nduwe tingkat keagamaan sing kuwat. Adhedhasar cacahing angket kang nuduhake masyarakat kang ora wigati karo crita kasebut ana 10 angket utawa watara 33,33 %. Bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki:

“candhi kuwi mung bangunan sejarah saka jaman kerajaan-kerajaan biyen mbak, nanging kayake pancen nduweni crita sing biyasane didadekake kanggo dongengen marang bocah-bocah cilik. Ngenani temenan apa orane kayake ya mung crita wae mbak.” (Anita Yuliyah, 01 April 2013)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur masyarakat sing nganggep nanging ora percaya anane crita kasebut amarga mung nganggep yen crita kuwi mung crita sing dienggo kanggo dongengen marang bocah-bocah lan namung minangka tinggalane kerajaan jaman biyen.

Masyarakat kang ora preduli anane sesambungane legendha Desa Wotanmas Jedong lan Candhi Jedong. Wong sing kalebu ing masyarakat iki biyasane *pendatang* utawa wong kang neka lan klompoke para mudha. Dideleng saka cacahing angket kang disebar ana 7 uwong watara 23,33 % kang nuduhake wong sing ora preduli utawa *cuek*. Iki bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

“yen miturutku mbak, crita kasebut mung akal-akalane wong tuwa-tuwa biyen supaya anake gelem nglakoni apa sing dadi kekarepan wong tuwane lumantar crita-crita sing didongengake. Yen bocah jaman biyen ya percaya-percaya ae mbak, tapi bocah jaman saiki ya beda mbak.” (Tiwi, 02 April 2013)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen sing ora preduli anane crita kasebut yaiku para mudha sing pikirane wis moderen lan ora percaya karo samubarang sing ora logis kaya crita legendha Desa Wotanmas Jedong sing nduweni gegayutan karo Candhi Jedong sing mung dibangun ing wektu sawengi. Kahanan kaya mangkono amarga para mudha jaman saiki pikirane tansah nggunakake logika, saengga samubarang sing ora mlebu logika kuwi ora digatekake.

PANUTUP

Dudutan

Asile panliten iki yaiku wujud crita wutuh kang dijupuk saka asile rekonstruksi wawanrembug marang para informan. Mula bukane Desa Wotanmas Jedong uga Legendha desa kasebut ora bisa dipastekake wektune amarga critane kababar saka lisan. Legendha Desa Wotanmas Jedong uga ngandhut nilai budaya kang bisa didadekake patuladhan masyarakat panyengkuyunge. Saliyane ngandhut nilai budaya, Legendha Desa Wotanmas Jedong sing ana sesambungane karo Candhi Jedong uga nduweni piguna marang masyarakat. Pamawase Masyarakat ngenani Legendha Desa Wotanmas Jedong sing ana sesambungane karo Candhi Jedong iki yen dideleng saka angket kang wis disebar yaiku nuduhake yen masyarakat Desa Wotanmas Jedong akeh sing percaya karo anane crita Legendha kasebut.

Pamrayoga

Pangrembakane jaman sing sansaya maju ndadekake kabudayan dhaerah jawa sansaya kageser kalungguhane, mligine ngenani kabudayan dhaerah kang awujud folklor lisan. Kahanan mangkono amarga folklor lisan mung disebarake kanthi cara lisan lan turun temurun. Mula saka kuwi folklor lisan gampang ilange tinimbang karya sastra tulis. Pamrayoga tumrap pamaca supaya: Generasi mudha kudu bisa nglestarekake kabudayan dhaerahe supaya ora nganti dijupuk wong liya. Masyarakat Jawa kudune mangertenan lan ngrembakake folklor lisan sing arupa crita-crita legendha, mligine legendha desa sing ana ing tanah Jawa. Bisa menehi paedah marang wong kang durung mangertenan crita Legendha Desa Wotanmas Jedong sing ana sesambungane karo Candhi Jedong.

DAFTAR PUSTAKA

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian*. Yogyakarta : Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta : Pustaka Grafiti.
- Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. 1983. Geografi Budaya Daerah Jawa Timur.
- Djafar, Hasan. 1978. *Girindhawardhana : Beberapa Masalah Majaphit Akhir*. Jakarta: Yayasan Pendidikan Budhis Nalanda
- Djamaris, E, dkk. 1993. *Nilai Budaya Dalam Beberapa Karya Nusantara Daerah Sumatra*. Jakarta: Depdikbud
- Edraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- , 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- , 2009. *Metodologi Penelitian Folklor, Konsep, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Surabaya : Hiski.
- Knebel, J. 1907. *Beschrijving der Hindoe-Oudhehen in de afdeling*. Soerabaja: Rapp Oud Comm
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta : Balai Pustaka.
- , 1987. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Mufidah, Umroatul. 2010. "Sesambungan Legenda Dewi Sekardadu lan Tradhisi Nyadran Masyarakat Nelayan Desa Bluru Kidul Kecamatan Sidoarjo Kabupaten Sidoarjo".). (skripsi) Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Mulyana, Slamet. 1979. *Negarakertagama dan Sejarahnya*. Jakarta : Bhrata Karya Aksara
- Naerssen, FH. 1938. Hindoe Javansche overblijfselen of Sumbawa,TKNAG
- Pradopo , Rachmat Djoko. 2007. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rahmawati, Nina. 2010. "Legendha Gunung Kelud ing Desa Sugihwaras Kecamatan Ngancar Kabupaten Kediri " (Tintingan Folklor). (skripsi) Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya : Citra Wacana.
- , 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Tim Pelestarian cagar budaya Mojokerto. 1995. Pelestarian candi-candi di Kabupaten Mojokerto.
- Tim Pustaka Jawatimuran dari koleksi Deposit – Badan Perpustakaan dan Kearsipan Provinsi Jawa Timur: *Derap Desa. Desaku Menatap Dunia*, Edisi XXXXI, Maret 2011. hlm.42 (diposting pada 16 Maret 2012)
- Suprapto, Untung. Dkk. 1997. *Pelestarian dan Pemanfaatan Candi Jedong*. Proyek pembinaan peninggalan sejarah dan kepurbakalaan Jawa Timur
- Veerbeek, RDM. 1996. Laporan Pemugaran Candi Jedong Tahap III. Bagian Proyek Pembinaan Peninggalan Sejarah dan Kepurbakalaan Jawa Timur
- Wilujeng, Sini Tri. 2009. "Legenda Candhi Bajangratu di Desa Trowulan Kabupaten Mojokerto (Kajian Struktur dan Fungsi)". (skripsi) Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.

<http://educationesia.blogspot.com/2012/05/cara-analisis-dan-interpretasi-data.html#ixzz2TrxGeOfU> artikel oleh Bambang Sudibyo, diunduh 21 Mei 2013